



# Konsènan Otobis la: Ane Lekòl 2021-22

## ENFÒMASYON KI PI ENPÒTAN

- Mask yo obligatwa nan otobis la tout tan
- Rive nan estasyon otobis ou 10 minit anvan lè
- Aplikasyon "Bus Tracker" a pral mete ajou 1e oktòb 2021

- Fenèt yo dwe rete ouvè nan tout tanperati pou rezon sekirite COVID-19

## Ki moun ki ka pran otobis la?

- Klas JK - 5: Elèv ki dwe mache 1.0 mil oswa plis, oswa travèse Mass Ave.
- Klas 6 - 8: Elèv ki dwe mache 1.5 mil oswa plis.
- JK - 8: Elèv ki dwe travèse Fresh Pond Pkwy, McGrath Hwy, Alewife Brook Pkwy, oswa ray tren nan Sherman St.

## Kijan pou elèv yo enskri nan otobis la?

- Elèv ki kalifye yo otomatikman asiyen nan yon otobis.
- Pa gen okenn rezèvasyon ki nesesè.
- Transpò otobis CPS la gratis.

## Èske elèv mwen an ka pran otobis la apre lekòl pou ale lakay yon manm fanmi oswa yon pwogram apre lekòl?

Wi, si gen yon wout otobis aktyèl ki la pou sa.

- Itilize Find a Bus Route (Jwenn yon Wout Otobis) pou antre adrès destinasyon an pou wè si gen yon wout aktyèl.
- Ranpli Fòm Chanjman Transpò a epi retounen li nan lekòl la.

## PWOSEDI SEKIRITE KI ENPÒTAN POU REVIZE AK PITIT OU

- Rete tann pou otobis la fè yon arè konplè anvan ou mache nan direksyon pòt la.
- Jwenn yon chèz dèyè otobis la
- Sak sou jam pou sekirite ak espas.
- Boukle senti sekirite ou!
- Pa gen gramoun san otorizasyon nan otobis la
- Pa gen bêt nan otobis la
- Itilizasyon telefòn selilè pa otorize

## MASK YO OBLIGATWA POU SEKIRITE COVID

- Mask yo obligatwa tout tan
- Ekipman mask siplemantè nan otobis yo, si sa nesesè
- Refize mete yon mask ka motif pou pèdi privilèj otobis yo.

## Èske gen yon otobis ta?

Elèv ki kalifye yo ka pran yon "Otobis ta" si yo rete apre lekòl pou klib osa aktivite. Direktè lekòl la fè aranjman pou otobis ta a.

Otobis ta a suiv yon wout estanda ki fè tou vil la. Otobis la pral kanpe nan premye adrès la ki se 1.5 kilomèt oswa plis de lekòl la. Otobis ta a disponib sèlman lè klib apre lekòl yo nan Upper Schools yo nan sesyon (Oktòb - Me, ak kèk poz nan sèvis ant trimès yo).

## E sa ki konsène mache ak monte bisiklèt pou ale lekòl?

Pwogram Safe Routes to School la ofri konsèy sekirite ak kat wout pou mache.

Aprann plis nan [bit.ly/cambridge\\_srts](http://bit.ly/cambridge_srts)

## KONTAKTE NOU

### Biwo transpò: 617.349.6862

- Pi bon lè pou rele: ant 9AM - 1PM.


### Lost & Found (Pèdi ak Jwenn): Tcheke ak chofè a, Epi rele konpani otobis la.

- Eastern Bus Company (gwo otobis): 617.628.6868
- NRT (ti otobis oswa van): 781.224.0003 X5
- Chèf Ofisyè Operasyon: 617.349.6420

## Jwenn yon Wout Otobis

Wout otobis yo ta dwe disponib anvan 1e septanm 2021.

1. Antre adrès la
2. Gade yon lis arè otobis ak lyen pou gade yo sou yon kat.



## Kote otobis mwen? Itilize Bus Tracker a?

Rete Branche: CPS pral lanse yon nouvo tracker otobis 1e oktòb 2021, ki pral bay plis estati tracking ajou.

Tracker Otobis CPS la kontwole kote otobis lekòl yo ye pandan y ap sikile atravè vil la. Wè otobis la an dirèk sou yon kat!

1. Vizite [bit.ly/cpsbustracker](http://bit.ly/cpsbustracker)

2. Antre nimewo ID Elèv ptit ou a #

3. Klike sou New Account epi suiv enstriksyon yo.

Tcheke User Guide (Gid pou Itilitatè) a ([bit.ly/bustracker\\_userguide](http://bit.ly/bustracker_userguide)) pou enstriksyon pi detaye.

## ELÈV NAN KLAS 2èm ANE OSWA PI PITI

**Yon moun dwe rankontre elèv ki nan klas 2èm ane oswa pi piti yo nan estasyon otobis la.** Si timoun nan pa rekonèt okenn adilt oswa gran frè ak sè ki la pou pran yo, yo pral rete nan otobis la jiskaske yo ka depoze yo nan Safety and Security Office nan Cambridge Rindge ak Latin School. Yon moun pral kontakte ou, epi ou ka rele tou biwo Sekirite/Sekirite a nan 617.349.6772.

**Yon etikèt otobis jòn dwe mete liè w nan otobis la.** Pwofesè yo pral bay elèv yo yon etikèt otobis jòn premye jou lekòl yo, ki gen lis nimewo telefòn yo ak arè otobis apremidi a

## RÈGLEMAN OTOBIS YO

Nivo 1

- Pa gen manje oswa bwè nan otobis la.
- Elèv yo dwe rete chita, ak bra ak janm yo andedan otobis la.
- Elèv yo pa ka distrè chofè a oswa bloke vizyon chofè a.
- Pa gen kriye, rele, pouse, bouskile, voye oswa jete fatra.
- Yo pa pral tolere entimidasyon.

Nivo 2

- Vòlè oswa posede bagay ki te vòlè
- Alimèt oswa brikè nan otobis la
- Kraze
- Posede alkòl, dwòg, zam oswa bagay ki file
- Menas oswa agresyon sou lòt moun

## PWOSEDI DISIPLINÈ

**1è Ofans:** Direktè lekòl la pral rele paran/gadyen la epi ba yo yon rapò sou ensidan an.

**2èm Ofans:** Yo pral voye yon lèt bay paran/gadyen an ak Rapò sou Ensidan an, epi yo pral plase yon apèl telefonik.

**3èm Ofans:** Elèv la dwe jwenn sispanson nan otobis la. Yo pral voye yon lèt bay paran/gadyen an epi mande yon konferans nan biwo.

Pa suiv règleman sa yo pral mennen nan yon sispanson 5 jou minimòm nan privilèj otobis yo, yon lèt voye lakay ou, ak yon konferans nan biwo. Direktè ak/ oswa biwo Safety and Security a ka pran plis aksyon si sa nesesè.